

KONEKSYON

Yon Bilten pou Paran Lekòl Leta Miami-Dade County



M-DCPS ONORE DIREKTÈ, ASISTAN DIREKTÈ EKSEPSYONÈL POU ANE A



Meyè Direktris pou Ane a Maritza D. Jimenez yo t ap onore nan seremoni prim nan.

Maritza D. Jimenez, ki te sèvi kòm direktris nan Lekòl Mwayen Hialeah Gardens, ranpòte pi gwo onè a kòm Meyè Direktris pou Ane a nan Distri a. M-DCPS te onore pi bon direktè ak asistan direktè li nan yon seremoni prim DASA te patwone 6 avril nan Jungle Island.

Jimenez ap sèvi kòm direktris nan Lekòl Mwayen Hialeah Gardens depi 2008. Li pote plis pase 20 ane eksperyans nan administrasyon ak ekspètiz nan kourikoulòm. Li te kòmanse karyè li nan anseye Edikasyon Espesyal nan Lekòl Mwayen Henry H. Filer an 1997.

Nou te rekonèt Cisely Scott nan Lekòl Elemantè Lenora B. Smith kòm Meyè Asistan Direktris pou Ane a. Scott, ki te kòmanse karyè li avèk M-DCPS kòm yon pwofesè nan Lekòl Elemantè Kensington Park an 2000, ap sèvi kòm Asistan Direktris nan Lekòl Elemantè Lenora B. Smith depi 2012.

Nou te rekonèt nan seremoni an tou gayan Dezyèm Plas pou Meyè Direktè pou Ane a Miguel Veloso nan Lekòl Segondè e Sant Edikasyon Kominotè Miami Springs ak gayan Dezyèm Plas pou Meyè Asistan Direktè pou Ane a Carl Robinson nan sant K-8 Winston Park.



Cisely Scott nan Lenora B. Smith, Meyè Asistan Direktè pou Ane a nan M-DCPS.

PLIS PASE 3,000 MOUN TE VIN SIPÒTE EDIKASYON NAN 2YÈM DEFI ANYÈL 5K SIPÈNTANDAN AN



Plizyè milye pwofesè, elèv, paran ak sipòtè nan kominote a te met ansanm ak Sipèntandan Lekòl Miami-Dade Alberto M. Carvalho 1ye avril pou kouri e mache pou sipòte edikasyon nan Defi Anyèl 5K Sipèntandan an. Gason ki te kouri pi vit la se Leonardo Canete ki genyen nan yon tan 18:33. Fi ki te genyen an se Lina Adjouadi ki fè kous senk kilomèt la nan 19:58.

Kous/Mach 5K Sipèntandan an te fèt an patenarya avèk Fondasyon pou Nouvo Inisyativ nan Edikasyon e nou te kreye li pou pwomote sante ak byennèt nan lekòl nou yo e nan kominote nou an.

PWOCHEN REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL LA

24 me	10:00 dimaten	Odyans Piblik pou Materyèl Enstriksyonèl
	11:00 dimaten	Reyinyon Regilye (Lekti Final - Zòn Prezans pou 2017-2018)
June 21	11:00 dimaten	Reyinyon Regilye

KLAS KOLÈJ ANWOLMAN DOUB DISPONIB KOUNYE A NAN YON LEKÒL MWAYEN M-DCPS

Lekòl Mwayen Ponce de Leon vin premye lekòl mwayen nan Miami-Dade County ki ofri yon kou kolèj syans anwolman doub an kolaborasyon avèk "Florida International University (FIU)" (Inivèsite Entènasyonal Florid). Ven elèv 8yèm ane eskolè Ponce yo, ki te satisfè demand egzamen antre 'PERT' yo ansanm ak demand GPA lekòl segondè pandan yo nan lekòl mwayen, se premye gwoup elèv ki pran avantaj opòtinite remakab sa a avèk FIU.

Pwofesè FIU James Jiler anseye klas "Entwodiksyon Syans Anviwònmanal" de (2) fwa pa semèn aprè lekòl nan Lekòl Mwayen Ponce de Leon. Aprè yo fini kou san frè ekolaj sa a avèk siksè, elèv yo pral resevwa twa kredi kolèj.

DATES TO REMEMBER

- 18 me - Jou Lekòl Segondè yo Lage Pi Bonè
- 29 me - Fèt pou Onore Sòlda ki Mouri nan Sèvis Militè
- 8 jen - Dènye Jou Lekòl

M-DCPS ONORE FANMI KI PATISPE NAN EDIKASYON

M-DCPS onore 230 fanmi avèk Prim prestijye Meyè Fanmi pou Ane 2016-2017 la. Pou selebre wòl aktif fanmi sa yo jwe nan edikasyon pitit yo lakay yo ak nan lekòl yo, chak gayan te resevwa yon kat kado lbilè \$50, yon Meday Meyè Fanmi pou Ane a e admisyon nan park Jungle Island pou tout yon jounen. Yo te nonmen twa nan fanmi sa yo kòm gayan prim rejyonal M-DCPS, e yo ranpòte yon pwomnad, ki gen ladan transpò ak 100 tikè admisyon nan Jungle Island pou lekòl yo a.

Gayan Prim Rejyonal yo se Fanmi Davis nan Lekòl Mwayen Norland, Fanmi Posada nan Lekòl Elemantè E.W.F. Stirrup, ak Fanmi Leal nan Lekòl Mwayen Riviera.



PWOGRAM GOB M-DCPS LA DEPASE MAK \$500 MILYON



Nan kat ane depi votè yo te apwouve "General Obligation Bond (GOB)" (Bon Obligasyon Jeneral) la, Distri a ap avanse rapidman avèk yon varyete pwojè. Jiska dat 31 mas, depans GOB ak travay sou kontra yo te totalize apeprè \$534.2 milyon (\$91.7 milyon pou teknoloji ak \$442.5 milyon pou etablisman lekòl yo). Vizite <http://bondsfor schools.dadeschools.net/> pou w wè tablo ak pwogrè pwojè yo atravè M-DCPS.

TWA LEKÒL NAN MIAMI-DADE RESEVWA DON LABORATWA KLAVYE ELEKTWONIK NAN MEN 'MUSIC AND THE BRAIN GRANT'



Lekòl Elemantè Frances S. Tucker, Miami Springs, ak Earlington Heights resevwa yo chak prim Laboratwa Klavye Elektwonik nan men òganizasyon ki oa la pou pwofi '42nd Street Development Corporation' atravè don "Music And The Brain (MATB)" (Mizik Ak Sèvo A). Elèv nan 2yèm rive 5yèm ane eskolè pral aprann li e jwe mizik, konprann rit mizik e yo pral ekspoze yo ak yon varyete kalite mizik ak konpozitè selèb atravè klas mizik inovatif sa a.

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Doktè Lawrence S. Feldman, Chèmàn

Doktè Marta Pérez, Vis Chèmàn

Doktè Dorothy Bendross-Mindingall

Susie V. Castillo

Doktè Steve Gallon III

Perla Tabares Hantman

Doktè Martin Karp

Lubby Navarro

Mari Tere Rojas

Alberto M. Carvalho

Sipèntandan Lekòl yo

Sebastian M. Lorenzo

Konseye Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la

Se Biwo Kominikasyon ki Pwodui Bilten sa a

Daisy Gonzalez-Diego

Ofisye Anchèf Kominikasyon

